*Дала бакъо толайойла!*

# Зама

## Время

zama95.ru | vk.com/zama_shali | zama_shali@mail.ru | Газета выходит с 1933г. 23 апреля 2026г. № 17 (93522) | Свободная цена

**Муниципальное бюджетное учреждение «Шалинская районная газета «Зама»**

● *Авторитетное мнение*

## М. Даудов: Рамзан Кадыров – национальный лидер, живущий по законам къонаха



***Председатель Правительства Чеченской Республики Магомед Даудов заявил, что Глава региона Рамзан Кадыров следует принципам къонаха, которые, по его словам, олицетворяют высшие нормы чести, достоинства и мужества.***

По словам Магомеда Даудова, этот кодекс предполагает личную ответственность перед Всевышним, служение обществу и принятие решений во благо народа и государства.

***«Къонах – высшая мера чести, достоинства и мужества. Его слово – закон, решения – ответственность перед Всевышним, а путь – служение во благо Родины. Рамзан Кадыров – национальный лидер, живущий по законам къонаха и принимающий на себя всю полноту ответственности за свой народ и Отечество», – отметил М. Даудов.***

**ИА "Грозный-информ"**

## Ненан мотт

*Хьогман шийла шовда санна,*
*Буьйцуш дагна аьхна бу.*
*Даймохк хестош, илли Нанна*
*Ненан маттахь доккхур ду.*

*Ненан меттан дош хаздина,*
*Лаьа хесто Наной шу.*
*Ненан матто ирсе вина,*
*Шуьца ирс сайн доькъур ду.*

*Ненан мотт хьо маьрша биэка,*
*Геннара схьабог1у хьо.*
*Хьан васташца велха, виэла,*
*Суна- м Дала ницкъ а ло.*

*Марзонан хьо, кхерчехь буьйцу,*
*Охкуш к1орге, лоьхуш бух.*
*Кхечу маттех хьо ца хуьйцу,*
*Кхаьрда хьо бицбиначух.*

**МАГОМАДОВ Мовсар**

● *Дата*

## День памяти жертв Чернобыльской аварии



26 апреля в России вспоминают тех, кто пострадал в Чернобыльской катастрофе. В 1986 году на Чернобыльской атомной электростанции произошла авария, ставшая одной из самых крупных техногенных аварий в истории. Она изменила жизни миллионов людей. В этот день говорят о людях, которые первыми отправились на место аварии и сделали все, чтобы остановить ее последствия. Чтобы остановить распространение радиации, на станцию направили сотни тысяч человек. Их называют ликвидаторами. Они очищали территорию, убирали обломки, закапывали зараженную землю и строили защитное сооружение над разрушенным реактором.

Среди этих людей были и жители Чечено-Ингушской АССР -тысячи мужчин. Это были военные, пожарные, водители и обычные рабочие. Их отправляли в опасную зону, где уровень радиации был очень высоким.

Многие из них не знали, насколько это опасно. Они работали рядом с разрушенным реактором, разбирали завалы, тушили пожары и строили защитные конструкции. Они делали это, чтобы спасти других людей и не допустить еще большей беды.

Сразу после аварии погибло не так много людей. Но главная опасность была в другом. Радиация начала влиять на здоровье спустя годы. Многие ликвидаторы стали болеть. У них появлялись тяжелые болезни, с которыми было трудно справиться. Некоторые из них умерли позже именно из-за этого, многие стали инвалидами.

Каждый год 26 апреля в Чеченской Республике, как и по всей России, вспоминают ликвидаторов, устраивают встречи и памятные мероприятия.

Этот день нужен для того, чтобы помнить. Помнить о мужестве и о цене, которую заплатили люди. Сегодня эта трагедия остается напоминанием о том, насколько опасной может быть ошибка и как важно соблюдать безопасность, особенно когда речь идет о таких сложных технологиях.

***Эсет СУЛЕЙМАНОВА***




## «Сан дагчу бижна хьо, баккхалур боцуш!»

*Ма ч1ог1а беза-кх хьо,*
*Кхачо цкъа а хир йоцуш,*
*Сан дагчу бижна хьо,*
*Цкъа а баккхалур боцуш.*
*Сан дахар, сан ирсан дакъа,*
*Хьоьца доьзна ду,*
*Бераллехь дуьйна сан марзо,*
*Хьоьца ийна йу.*
*Хьо ч1ог1а безарна,*
*Суна ца карадо дешнаш,*
*Бехар бу хьо соьца*
*Дела эхарта со йаххалца.*
*Бека хьо! Бека хьо!*
*Вайн къоман дагчу буьжуш,*
*Баха хьо! Баха хьо!*
*Ца хадош орам.*
*Хьо хууш, хьо буьйцуш*
*Суо хиларна ирсе хета,*
*Хьо 1амош, хьо хьоьхуш*
*Суо хиларна – до аса дозалла.*

Эзар жовх1арна йуккъера цхьа жовх1ар харжа таро хуьлу. Эзар динна йуккъера цхьа дин харжа а таро хуьлу, ткъа Ненан мотт харжа а, хийца а таро йолуш бац. Иза х1ора стеган а, къоман а цхьалхха цхьаъ бен хуьлуш бац. И цхьаъ бен боцу Ненан мотт йо1-б1аьрг санна ларбан, 1алашбан беза, х1орамма шен са, хаарш, пох1ма, хьуьнар, доьналла, говзалла кхоа а ца йеш, д1адала деза. Дуьненчохь меттанаш мел дукха делахь а, мотт боцург къам дац, и бийца ца хаахь и къонах вац.

Меттан леларе, шорталле хьаьжжина хуьлу и халкъ кхечарех къастош йолу билгалонаш. Нагахь Дала и мотт белла халкъ шен меттан пусар а, сий а ца деш, кхечу меттанашка дерзахь, и халкъ кхечу халкъашна йукъа д1асадаьржий, шен къоман мотт, ц1е а, сий а, йуьхь а йоцуш д1адов.

Т1екхочуш ду Нохчийн меттан де. Б1аьсте… Дуьне, 1алам хазлучу хенахь, ойла йина, билгалдаьккхина ду и де вайн Нохчийн Республикан Куьйгалхочо Кадыров Рамзана Ахматовича, шен меттан а, халкъан а сийлерам бар гойту цо.

Дала 1алашвойла иза! Мотт – халкъан дахаран тоьшалла а, хилларг а ду, иза г1иллакх-оьздангаллин бух а бу, иза вайн истори а йу. Нохчийн маттаца ду вайн къоман дахаран иэс, г1иллакх-оьздангалла а, йу вайн къоман силсилан лараш а.

Нохчийн мотт безарехь, бовзарехь, шена хуучух тоам ца беш, иза дика хьехарехь масална бало дуккха а нах, хьехархой-говзанчаш бу вайн. Царех цхьаъ вара, ша саннарг кхин хир воцуш, меттан говзанча Джамалханов Зайнди. Цунна лерина 1-Хь. Хатуевс шен «Нохчийн мотт» ц1е йолчу стихотворенин дешнаш:

*Вайн мотт дуй-те*
*Маьлхан зезаг,*
*Йа ахь буьйцуш хетало?*
*Дуьне, эхарт, вевза-везарг*
*Суна-м дерриг диц ма ло.*
*Вайн мотт дуй-те дашо хьоза,*
*Мохехь, малхехь ийалуш,*
*Хазчу иллин доцуш доза,*
*Маьлхан нуьрца къийсалуш?*
*Х1ан-х1а, дац и зезаг, хьоза,*
*Бац и аьрха хаза дин.*
*Мазал мерза, пхьерал говза*
*И марзбинарг ву Зайнди.*

Дала гечдойла цунна! Нохчийн меттан цхьа башхалла йу; х1ора аз а маь1не ду вайн маттахь, аьлча а, х1ора аз а, дош санна, шен маь1на долуш ду.

Масала: **а** – (доца) – цамгар йу; **с** – до1уш долу са; **ц1а** – х1усам; **д** – цхьа х1ума дан а, «ду» - бохург а ду; **г** – диттан «меже», х1ума ган бохург а ду; **ж** – уьстаг1ий; **и** – гайтаран ц1ерметдош; **к** – боьрша уьстаг1; **къ** – къа латор, хьоьгуш долу къа; **к1** – йалта; **у** – дечигах йаьккхина коьчал; **ш** – хина бина ша; **т1** – хьайбанан хьалхара ког; **йу** – белхан г1ирс и. д1.кх.

Доцца аьлча, массо а аз шен цхьа маь1на долуш ду царна т1е кхин цхьацца аз кхетча, царах керла маь1наш, керла дешнаш кхоллало.

Иштта, шатайпаналла йолуш бу вайн Нохчийн мотт. Вайн къоман уггаре йоккха билгало а,

***(Чаккхе йеша 2-чу агIонехь)***

## Закон и порядок

**6 апреля текущего года исполнилось 63 года со дня образования органов предварительного следствия Министерства внутренних дел. По случаю профессионального праздника интервью газете «Зама» дал начальник следственного отдела ОМВД России по Шалинскому району, подполковник юстиции Ильман Ризванович Шатаев.**

**За добросовестный и плодотворный труд И.Р. Шатаев неоднократно поощрялся Почётными грамотами и Благодарственными письмами руководства МВД по ЧР, Отдела МВД России по Шалинскому району. За высоким процентом раскрываемости преступлений стоит кропотливый труд каждого следователя следственного отдела ОМВД России по Шалинскому району ЧР.**



# Следователь – это не просто работа, а образ жизни

***- Ильман Ризванович, расскажите немного о себе? Как давно Вы работаете в органах внутренних дел?***

- Родился я в селе Курчалой (ныне город Курчалой). После школы окончил юридический факультет Чеченского государственного университета. В 2002-м году началась моя трудовая деятельность. Работал следователем в Курчалое, городе Аргун. Последние десять лет являюсь начальником следственного отдела ОМВД России по Шалинскому району.

Честно говоря, мечта стать следователем зародилась во мне ещё в детстве. Шли годы, а моя детская мечта все не покидала меня. И в один прекрасный момент я решил ее осуществить.

***- Сколько сотрудников работают в следственном отделе?***

- Следственный отдел МВД России по Шалинскому району состоит из семи следователей. Коллектив дружный, сплоченный, работает стабильно, стараясь удержать высокую планку, заданную предыдущим поколением следователей – своих наставников и учителей.

***- С чего начинается трудовая работа следователя?***

- Как только оперативный дежурный по отделу внутренних дел сообщает о происшествии, в отделе закипает планомерная работа. Составляется план расследования – сделать такие-то экспертизы, допросить таких-то свидетелей. Это дисциплинирует, организует всех сотрудников следственно-оперативной группы, выехавших на место происшествия.

Когда уже имеются какие-то наработки, начинается «мозговой штурм». Надо выстроить систему из десятков разрозненных данных, которые не противоречили бы друг другу. Выдвигаются версии, сообразуясь с логикой поступков потенциального преступника, его жертвы, показаниями свидетелей, данными экспертиз. Следователю много приходится работать с документами. Каждое действие должно быть процессуально закреплено. Иногда в сутки не единожды приходится выезжать на место. А как иначе?! Следователь должен организовать работу на месте преступления, собрать первичный материал. Ведь задержать подозреваемого – это только полдела, нужно грамотно собрать доказательную базу и закрепить протоколами, чтобы улики были задокументированы согласно нормам закона.

Сотрудники сутками пропадают на работе, допоздна засиживаются над уголовными делами, дежурят. Поэтому приходится быть готовым выехать на место преступления в любое время.

Это нелёгкий, кропотливый, требующий аккуратности и внимания к деталям труд. Даже мельчайшая ошибка может повлиять на ход судебных разбирательств по тому или иному уголовному делу. Суть нашей работы – квалификация преступления, его раскрытие и доказательство вины подозреваемого. Проще говоря, следователь – это человек, который занимается систематизацией доказательств, руководит процессом расследования преступления, и, на основании полученных данных, принимает решение - возбуждать уголовное дело или нет.

Да, есть место и героизму, поскольку работа требует большой самоотдачи, и тайне, так как этого требует следствие, а также большой ответственности, ведь за каждой историей стоят человеческие судьбы.

Сотрудник органов следствия Российской Федерации должен обладать высокопрофессиональными и личностными качествами: специфическими теоретическими знаниями и практическими навыками, уметь руководить действиями коллектива при расследовании преступлений, честностью, порядочностью, принципиальностью.

***- Бывают ли сложности при проведении допроса подозреваемых или свидетелей?***

- Конечно, ведь каждый человек индивидуален, у каждого свой характер. Чтобы найти общий язык с подозреваемыми, свидетелями и потерпевшими, следователь должен быть умелым психологом. Применяя различные тактики ведения допроса и максимум оперативных приёмов, должен найти индивидуальный подход к каждому. Ведь допрос – это один из основных методов нашей работы, с помощью которого мы получаем наибольший объем доказательной информации.

***- Какие виды преступлений чаще всего вам приходится расследовать?***

- В отделе мы в основном расследуем преступления, связанные с незаконным оборотом наркотиков, кражами, грабежами, мошенничеством и т.п. Среди них есть и резонансные, и те, которые принято называть обыденными. Есть сложные, запутанные уголовные дела, есть и лёгкие, расследуемые за короткий срок.

***- Ильман Ризванович, что Вы посоветуете нашим читателям по профилактике мошенничества?***

- Злоумышленники работают как по старым схемам: «звонок из службы безопасности банка», «торговля через интернет», «ваш родственник попал в беду», так и по новой: мошенники звонят своим жертвам и представляются сотрудниками портала «Госуслуг». Их главная цель – узнать код из СМС-сообщения. Узнав код, злоумышленники получают доступ к персональный данным и могут подтверждать заявления в кредитных организациях от имени владельца аккаунта, меняют номер телефона, к которому привязан аккаунт, и гражданин не может самостоятельно войти в свой личный кабинет на портале Госуслуг.

Обращаясь к гражданам. хочу сказать, чтобы они никогда не совершали финансовые операции по указанию звонящих лиц, кем бы они не представлялись (сотрудниками банка, правоохранительных органов или портала «Госуслуг»).

Жителей нашего района призываю быть бдительными, не поддаваться на уловки аферистов и сообщать обо всех случаях, связанных с мошенническими действиями, в полицию.

***- Ваши пожелания своим коллегам по службе?***

- Руководство, коллектив, Совет ветеранов, Общественный совет при Отделе МВД России по Шалинскому району желают благополучия, крепкого здоровья, успехов в работе, счастливой личной жизни, поддержки и понимания близких и родных ветеранам, внёсшим вклад в борьбу с преступностью, а также действующим сотрудникам следственного подразделения, кто сейчас стоит на страже Закона.

Хотелось бы отметить работу всех сотрудников следственного отдела ОМВД России по Шалинскому району, которые вносят вклад в общее дело по раскрытию и расследованию уголовных дел, а именно: заместителя начальника следственного отдела М. Магомадова, следователей Х. Алаудинова, М. Баталова, С. Уцаева, М. Байсарова, М. Синбаригова, Б. Тутаева, А. Микиева.

Сегодня, как и прежде, следственный аппарат органов внутренних дел России является той твердой рукой государства, которая следит за общественным порядком.

**- Ильман Ризванович, редакция газеты «Зама» выражает Вам признательность за участие в интервью. В ходе беседы Вы поделились наблюдениями о современных вызовах в следственной практике, рассказали о ключевых задачах отдела и дали ценные рекомендации для граждан.**

**Мы уверены в том, что наша беседа поможет читателям газеты лучше понять работу следствия и повысит доверие к правоохранительным органам.**

**Ещё раз благодарим Вас за уделенное время и готовность к диалогу!**

- Спасибо. Хочу поблагодарить и Вас за то, как подходите к освещению нашей работы. В эпоху, когда информации много, а правды мало, Ваша принципиальность, тщательная проверка фактов и уважительное отношение к теме особенно ценны.

Благодаря вашим публикациям жители района лучше понимают, как работает следствие, а это - реальный вклад в просвещение и безопасность общества.

Спасибо Вам за неравнодушие и конструктивный диалог. Всегда рады видеть Вас в нашем отделе!

***С. АТАБАЕВ***
***Фото А. АШАБА***

# НОХЧИЙН МАТТАХ ДОШ

«Нохчийн Республикехь пачхьалкхан меттанаш ду нохчийн а, оьрсийн а меттанаш…»

**Нохчийн Республикин Конституци, 10-гӀа статья, 1-ра пункт.**

«Муьлххачу къомах волу стаг а шен ненан мотт бийца маьрша хила веза».

**Нохчийн Республикин меттанех долу Закон, 2-гӀа статья, 1-ра пункт.**

«…Нохчийн къам дийна, дехаш хиларан мокхазан чӀагӀо йу нохчийн мотт».

«…Къонах декхарийлахь ву шен ненан мотт хаа».

**КАДЫРОВ Ахьмад-Хьаьжа, Нохчийн Республикин Хьалхара Президент.**

«Ненан мотт чӀагӀбаран а, кхиоран а дуьхьа ас кхоор бац ницкъаш йа таронаш, цу декъехь муьлххачу а дикачу дӀадолорийн гӀо лоцуш а хир ву».

«Ненан мотт кхиорца, Ӏаморца, къоман Ӏадаташ, гӀиллакхаш, эхь-бехк дендан деза вай».

**КАДЫРОВ Рамзан, Нохчийн Республикин Куьйгалхо.**

...ЛадогӀа цкъа соьга, «хьекъале» корта,
ЛадогӀа, йаккхий дӀа лергара потт:
Йистйоцу хӀорд санна, бу хьуна шортта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт…

**АРСАНУКАЕВ Шайхи, Нохчийн Республикин халкъан йаздархо.**

# «Сан дагчу бижна хьо, баккхалур боцуш!»

***(Йуьхь йеша 1-чу агӀонехь.)***

Дала вайна делла уггаре даккхийчарех совг1ат хиларе терра, биц ца беш вайн дайша кху дийне схьабар бахьанехь, вай йиш йу иза талларца вешан къоман генара истори йовза. Х1унда аьлча, муьлхха а мотт и лелочу къоман дахаран маь1на дан а, иза тида а аьтту беш долу хьаьркаш ду. Тахана оцу «хьаьркийн» къайленаш йостуш вайн 1илманчаш бу. Нохчийн къам ц1ерадаьккхина, оцу къематдийнахь а доьхна, даьржина д1а, ца дахара. Цара шайн Ненан маттахь назманашца, иллешца, забаршца, эшаршца, хелхаршца байбора шайна т1ебоьжна дуьненнал боккха бала.

Юха а хьахо лаьа суна 1илманча Джамалханов Зайнди. Цо дуьйцура, суьйранна чугулбеллачу нахана ша Бадуев Саь1ида язйина «Бешто» повесть дагахь ешарх а, цунах нехан ойла йекъайаларх а лаьцна. Оцу заманахь доккха маь1на лелийра вайнехан иллан-чаша, пондарчаша, йаздархоша: Сулейманов Бауддис, Димаев 1умара, Сулейманов Ахьмада. Оцу хенахь Бауддин луларчу йуьрта нехан самукъадаккха вахана ц1а вог1уш, буьрса дарц даьлла, некъах тилла шийлачу 1аьнан буса арахь а висина, куьйган, коган п1елгаш дахьийна охьаэгна хилла цуьнан (вайна ма-хаьара шен 7 шо долуш «морзгалийн» цамгарх б1аьрса а дайна вара иза).

Х1етахь вайнахе шен «Даймехкан косташ» ц1е йолчу стихотвореница вистхилира поэт Мамакаев Мохьмад:

*«Де доьхна, 1аьржачу халоно хьовзийначохь,*
*Мацалло б1арздина, г1елонна к1елдуьсучохь,*
*Бохамна, харцонна йуьхьдуьхьал х1иттинчохь,*
*Собарах, стогаллех ма доха боху цо».*

Гуш ма-хиллара, Нохчийн мотт, нохчийн г1иллакх-оьздангаллин доккха зер хилла ц1ерадахар.

«Жимчохь 1еминарг, т1улга т1ехь даькккхина йоза ду», - боху халкъан хьекъало. Оцу кицанан маь1не хьаьвсина вайн, хьехархойн, коьрта декхар ду Нохчийн мотт кхиорца, 1аморца, дешархой иманехь кхетош-кхиорца, эхь-бехк дендарца болх бар. Амма хьехархойн дика накъостий а хилла шайн бераш хаарийн к1оргенашка кхачон г1аролла дан дезарш оцу берийн дайнаной бу.

Вайна массарна а хаа деза муьлххачу 1илмане адам новкъадоккхург, цунна хьалха доккхачу дахаран не1 д1айоьллург хьехархо вуйла а. Цундела, мел д1атеттарх шайна т1ера декхарш лах ца лойла а хууш, хьехархой Нохчийн мотт кхиоран, дешархой кхетош-кхиоран болх жигаралла йолуш д1ахьош хила беза.

Дала вайн къоман къона т1аьхье Ненан маттаца уьйр-марзо йолуш, ийман-исламца, г1иллакх-оьзданаллица кхетош-кхиорехь а, 1илманца 1аморехь а аьтто бойла вайн массеран а.

Ас даггара декъалдо дерриге а нохчийн къам доккхачу дезачу денца – Нохчийн меттан денца!

***Маьлх-Аьзни АБДЫРАШИТОВА, Нохчийн Республикан хьакъйолу хьехархо.***

● *Сийлахь ц1е – хьехархо!*

# Нохчийн матте безам кхуллуш

*Шен ненан мотт халкъо,*
*Сий ойбуш, 1алашбахь,*
*Цу халкъан парг1ато*
*Цхьаммо а хьошур йац.*

**Мамакаев Мохьмад.**

Хьехархо аьлча, уггар хьалха б1аьргашна хьалха школа х1утту. Ткъа школа вайн массеран а шолг1а ц1а хилла лаьттина йу. Цундела хьехархо шолг1а нана хуьлий д1ах1утту берана. Х1ора берана хьехархочо чу са дуьллу. Цо боккху х1ора а толам боккха кхаъ хуьлу хьехархочунна.

Школа вайн кхане кхиош йолу коьрта меттиг йу. Цунна т1ехь ду г1иллакхца, оьздангаллица, йаьх йолуш, шен къоман сий коьрта хеташ болу кегийрхой, къона т1аьхье кхиор. Цундела школа а кхуьуш йу вайн дахаре хьаьжжина.

Пираева Нуржан Шелан № 1 йолчу йуккъерчу школехь болх беш йу. 1994-чу шарахь Нохчийн пачхьалкхан университет чеккхйаьккхина цо. Дуьххьара болх бина Шелан № 10 йолчу йуккъерчу школехь. Ткъа 1998-чу шарахь дуьйна № 1 йолчу школехь нохчийн меттан а, литературин а хьехархочун болх беш йу Нуржан Шемиловна. Шен белхан накъосташна а, дешархошна хьалха а ледарло ца йолуьйтуш хьанал къахьоьгуш иза. Цундела иза йезаш а, лоруш а йу. Уггаре лакхара категори а йу цуьнан.

Нохчийн маттах дозалла дан 1амийна ца 1аш, цо дешархошна нахана йукъахь лела 1амадо. Берашна хазахета цуьнан урокехь. Нуржанан белхан накъосташа дийцарехь, шен болх к1орггера бевзаш а, адамехь уггар а хьалха хила деза г1иллакх долуш а, масал эца хаза амалш йолуш а йу иза.

Нуржана хьехархочун говзалла харжаран коьрта бахьана ненан матте безам хилар дара. Ткъа хьан кхуллу и безам? Хьехархочо. Шен белхан ох1ла волчу хьехархочо т1е1аткъам ца беш ца вуьту дешархо, йоккха лар йуьту дешархочун дагчохь.

Нохчийн меттан хьехархо – иза уггар хьалха шен къам, мохк безаш хила везаш ву. Шен дайн 1адаташ девзаш а, уьш хууш хила веза. Х1унда аьлча, вайн маттаца гучудолу вайн г1иллакх. Ткъа г1иллакх нохчийн меттан хьехархочунна оьшу вайн т1аьхье иманехь кхио. Доккха жоьпалла ду нохчийн меттан хьехархоша шайна т1елацнарг.

Дешархоша тидаме оьцу хьехархо, массо аг1ор толлу цара иза. Цундела хьехархо дешархошца йолу йукъаметтиг лар а йеш, церан доттаг1, накъост, церан г1оьнча хилла д1ах1отта везаш ву. Бакъволу хьехархо хила а хуьлу иштта.

Дуьйцу Пираева Нуржана:

– Хьехархочун говзалла суна йезайалийтинарш, хьехархочун балхаца йолу шовкъ, ненан матте болу безам ч1аг1бинарш сан школехь доьшучу хенахь хилла болу нохчийн меттан а, литературин а хьехархой бу. Хьехархочун ц1е а, фамили а йицйала тарло, амма цуьнан йуьхь-сибат, цо схьакховдийна «серло» цкъа а ца дицло. Сан аьтто хилла сайна жимчохь дуьйна безабелла хьехархочун болх д1абахьа – къаьсттина нохчийн мотт а, литература а хьеха. Со йоккхайе Дала сайна деллачу декъах: сайн ненан маттах долу дош ала, оцу дешан сийлалла д1айовзийта, вайн дайша лардина схьадаьккина хаза г1иллакхаш довзийта а аьтто хиларна.



Нуржан тешна йу де-дийне мел дели а керлачу технологешца болх бан таронаш алсам хирг хиларх. Ала дог1у, таханлерчу лехамашца (керлачу технологешца) болх д1абахьар кхачаме хилла д1ах1оттахь, мехала г1уллакх хир ду дешархошна шайн хинйолу кхане ган йиш йолуш.

Нохчийн мотт 1аморан а, кхиоран а вайн куьйгалло боккха тидам беш хилар гойту Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана 25-г1а апрель «Нохчийн меттан де» ду аьлла д1акхайкхоро. Оцу денна лерина даздарш д1ахьо школашкахь, кхийолчу дешаран хьаршашкахь, культурин кхерчашкахь, кхечанхьа . Дешархой, церан дай-наной, хьехархой х1ора шарахь а де т1екхачар лардеш хуьлу.

«Таханлера школа», «Т1ейог1учу заманан хьехархо» ц1е йолу регионан проекташ, «Дешар» къоман проект кхочушйарна белхаш бо Шелан №1 йолчу йуккъерчу школан хьехархоша. И болх баран форма тайп-тайпана хуьлу: цхьана темина лерина урокаш, классан сахьташ, къовсамловзаран программаш, викторинаш. Нохчийн маттана лерина бечу белхаша йовзуьйту нохчийн литература, музейн материалаш, шуьйра пайдаоьцу фонозаписех, илли, эшарех, Интернет-сайтан г1ирсах.

Муьлхха а къам дийна хиларан коьрта билгало йу цуьнан буьйцуш мотт хилар. Таханлерчу дийнахь нохчийн мотт кхиорехь а, шен хаарш дешархошна д1адаларехь а къахьоьгуш йу Пираева Нуржан. Цунна коьрта хеташ а, сагатдийриг а ненан меттан этимологи йу: дош мичара схьадаьлла, цуьнан маь1на муха ду толлуш йолу. Цо меттан къайленаш гучуйохху, ткъа цуьнца цхьаьна къоман дахарера х1инцалц вайна ца хиъна йолу аг1онаш а схьайоьллу.

Вайн 1илманан белхахоша къахьегар бахьана долуш, дуккха а брошюраш зорбане йевлла акхаройн, дийнатийн, олхазарийн, бецийн, ораматийн нохчийн маттахь ц1ераш йуьйцуш. Иштта дошамаш а зорбане йевлла физикин, медицинин, техникин терминашна лерина.

Пираева Нуржан хьехархочун болх беш йу 32 шо ду. К1езиг хан йац иза. Цуьнан хьанала къинхьегам билгалбаьккхина дешаран а, 1илманан а Министерствон, Шелан к1оштан администрацин, к1оштан дешаран отделан куьйгалхочун ц1арах Сийлаллин грамоташ а, Баркаллин кехаташ а даларца.

Къамел дерзош, уггар хьалха, Дела реза хуьлийла ала луур ду, нохчийн меттан хьехархошна, къомана оьшуш а, пайдехь а болу болх барна. Цара хьоьгуш долу къа баркалла доцуш довр дац. Кху дуьненахь царна иза хьакъдолчу кепара гучу ца далахь а, кханалерчу Къематан дийнахь Веза-Сийлахь волчу Делера йал хир йу царна. Дала сий дойла массо а хьехархочун!

Ткъа нохчийн меттан хьехархой, уггар хьалха Пираева Нуржан а йеш, даггара декъалбан лаьа т1екхочуш долчу Нохчийн меттан денца!

*С. АТАБАЕВ*
*А. АШАБАН сурт*

● *Нохчийн меттан денна лерина*

# Ненан мотт – хазнашлахь хазна

**Шозза шиъ – диъ хилар санна, цхьа а шеко йац Дала кхоьллинчу муьлххачу а къоман коьрта билгало цуьнан мотт хиларан. Цу хьокъехь шайн кхоллараллехь дош алаза наггахь поэт а, йаздархо а вац. Йалор вай масална Арсанукаев Шайхин «Весет» ц1е йолчу стихотворени т1ера цхьа кийсиг:**

*Хазнашлахь хазна йу*
*Ненан мотт къоман.*
*Ненан мотт мел беха*
*Къам дуьсу даха.*
*Ткъа нагахь мотт шен лахь,*
*Къам лей д1адолу.*
*Ненан мотт бицбинарг*
*Сийсаз во наха.*

Дешаран проблемашна т1ехь къахьоьгуш волчу Эдилов Салавдис иштта боху ненан маттах лаьцна: «Къоман са, халкъан илли, адамаллин куьзга ду, деган назма йу мотт. Ненан маттал хаза а, сийлахь а х1ума дац. Лаа олуш дац: мотт бу – къам ду, мотт бац – къам дац. Вай цкъа а дицдан ца деза гуттаренна дуьсу дерг, йо1б1аьрг санна лардан дезарг къоман сий, мотт, г1иллакхаш хилар. Мотт вай лар ца бахь, и лоруш, 1амош, буьйцуш, кхиош цуьнан сий ца дахь, къоман сий а дужур ду, да воккхавийр воцуш, вуно ледара т1аьхье а хир йу вайн» ...

Нохчийн мотт безарх а, бовзарх а, бийцарх а лаьцна къамел дечу меттехь ца хьахо йиш йац Арсанукаев Шайхин «Ненан мотт» ц1е йолу стихотворени.

*Доьзалехь бийцар а*
*Дастам а хеташ,*
*Хьо винчу ненан мотт*
*Д1атесна ахь.*
*«Сов къен бу дешнашна,*
*Бац атта кхеташ!»*
*- Бохуш и сийсазбан*
*Ца хета эхь.*

*Ладог1ал цкъа соьга,*
*«Хьекъале корта».*
*Ладог1ал йаккхий д1а*
*Лергара потт:*
*Йист йоцу х1орд санна,*
*Бу хьуна шорта*
*Ша хууш волчунна*
*Вайн нохчийн мотт.*

20-чу б1ешаран 70-чу шерашкахь Соьлжа-г1аларчу № 46 йолчу йуккъерчу ишколехь доьшуш вара со. Суна дага а дог1уш, цхьа а вайн къоман стаг вацара цигахь хьехархочун болх беш. Тхан классерчу 35 дешархошна йукъахь нохчийн бераш иттех бен дацара. Оцу ишколехь мел волу хьехархо а, дешархо а тхо нохчийн маттахь дистхилча мегаш вацара. Цара йуьхь-дуьххьал схьаолура: «Нохчийн мотт ма бийца, тхуна аш х1ун дуьйцу ца хаьа». Цара иза аьлча, тхан классерчу к1анта олура: «Сан ворх1е да ваг1ахьара, шуна оха х1ун дуьйцу хаале!» Тхоьца доьшуш дара оьрсийн маттана а, церан г1иллакхашна а ч1ог1а т1ера нохчийн бераш.

Дийно сарралц ахь цаьрга къамел дархь, цхьа дош гал ца боллуш, оьрсийн мотт буьйцура цара. И мотт церан ц1ийх боьлла ала мегар долуш хьал дара. Фамили а, ц1е а доцург, цхьана тайпана нохчалла йацара цаьргахь.

Мотт ца хилча адамийн йукъараллин дахар хуьлийла дац. Кхиалур дац 1илма, техника, искусство. Меттан маь1нех лаьцна дукха кицанаш ду: «Матто дешех д1овш до», «Мотт – деган гочдархо», «Матто нийса некъ лаха г1о до», иштта д1а кхин а. Нохчийн мотт – хазна йу, вайл хьалха баьхначара вайна йитина йолу. Нохчийн мотт йаккхий таронаш йолуш бу бес-бесара ойланаш, синхаамаш, дог-ойла гайтарехь.

Тахана а Нохчийчохь цхьаболчара вовшашка буьйцуш берг йа нохчийн, йа оьрсийн а боцуш, иэбина мотт хуьлу. Гуттар а доьхнарг ду телевиденехь а наггахь изза хьал нисдалар. Масала, журналисто шен къамел нохчийн маттахь доладо, ткъа цунна луш долу жоьпаш йа оьрсийн, йа шина а маттахь хуьлу. Делахь-х1ета, телевиденехь буьйцург хила ма-беззара ца хилча, цхьа «Дай- мохк» доцург, республикера дерриге а газеташ шайн чулацам дукхахберг оьрсийн маттахь болуш арадовлуш а хилча, нохчийн маттахь арахоьцуш йолу исбаьхьаллин литература а к1езиг хилча, ишколашкахь нохчийн мотт 1амор а ледара даьлча, мичара, муха 1амо беза вайн бераша нохчийн мотт?

Бакъду, кху т1аьхьарчу хенахь ишколашкахь нохчийн мотт 1амор мелла а г1оле ду аьлла хета. Дика хир дара мотт 1аморан г1уллакх кхаа т1ег1анехь д1ах1оттийча: доьзал - хьехархо - йукъаралла. И берриге а ницкъ цхьаьнатоьхча, вайн таро хир йара т1екхуьуш долу къона чкъор ненан мотт хууш, г1иллакхе, оьзда, вайн заманан лехамашца дог1уш кхио. Таханлерчу дийнахь кхин хила йиш йоцуш лараме г1уллакх ду иза, х1унда аьлча, мотт а, г1иллакх а вай д1атасахь, церан сий-пусар ца дахь, кхечу къаьмнех д1а а ийна бовр бу-кх нохчий, бийца мотт а, дай а боцуш.

Нохчийн Республикин халкъан йаздархочо Айдамиров Абузара (Дала гечдойла цунна) иштта йаздора нохчийн маттах лаьцна: «Дукхах болчу нохчашна шайн ненан маттахь нийса йаздан а, деша а цахаар а алфавитан бехк бац. Вай дашо алфавит кхоьллича а 1емар бац нохчий мотт, вайна иза безаш а, вай цуьнан сий деш а ца хилча. Вайн меттан берриге 1илманчаша шайн талламан белхаш оьрсийн маттахь йазбина. Ишколашкахь ненан мотт хьехар массо а предметана т1аьхьатеттина дара. Ишколашкахь тоьал нохчийн меттан учебникаш ца хуьлура цкъа а. Кхиболу г1оьналлин г1ирсаш-м хьехочохь а дацара. К1езиг бацара шайн доьзалехь берашка оьрсийн мотт буьйцу куьйгалхой, 1илманчаш, кхоллараллин интеллигенци а. Г1алин урамашкахь, ахь д1а ладоьг1ча, вайн кегийрхоша а вовшашлахь оьрсийн мотт буьйцура. Базарахь къеначу зударшна а нохчийн маттахь мах ала ца хаьара. Суьдехь суьдхо, прокурор, адвокат, къаной а, бехкенаш, тешаш, зала чохь берш а нохчий боллушехь, суьдан заседани оьрсийн маттахь д1ахьора.

Ненан мотт т1аьхьатоьттура шошаре мел дели. Иза пайденна бац, бохура. Оьрсийн мотт 1амо г1ертара массо а. Иза хаар-м дика-м дара, оьрсийн мотт хаа безаш а, оьшуш а бу. Амма шайн ненан мотт д1а а тоьттуш, иза сийсаз а беш, кхин мотт 1амо г1ертар, к1еда аьлча, дика болх бац.

Кхидолу меттанаш санна, самукъне йа къаьхьа, оьг1азе йа к1еда-мерза бийца таро йолуш бу нохчийн мотт. Йаздархоша, 1илманчаша, йукъараллин г1уллакххоша лаккхара мах хадийна нохчийн меттан. Филологин 1илманийн доктор а, профессор а волчу И. Алироевс 1. Карасаевс а, А. Мациевс а х1оттийначу оьрсийн-нохчийн дошаман дешхьалхехь йаздо: «19-чу б1ешарахь дуьйна мехкан 1илманчаша талламе биллина ца 1аш, дозанал арахьарчу 1илманчийн а тидамехь хилла нохчийн мотт. Уггар хьалха оьрсийн 1илманчашна вайнехан меттанийн лингвистикин материал йевза И. Гюльденштедта йинчу йазоращца. Нохчийн маттах лаьцна доцца йаздо «Кавказера меттанаш» (1812-1819) ц1е йолчу балха т1ехь академика Г. Клапрота.

Мотт – вайн дахарерчу йукъараллин-леларан ладаме дакъа ду. Стага буьйцучу матто билгалдоккху цуьнан оьздангалла а, син1аткъаман собар а.

Х1ора къоман а бу шен-шен гергара а, хьоме а мотт. Иза адмашна йуккъерчу з1енийн, уьйрийн, йукъаметтигийн г1ирс а хилла лелаш бу, х1унда аьлча, мотт ца хилча хила йиш йац халкъ ц1е йолу йукъаралла. Нохчийн мотт – иза нохчийн халкъан мотт бу. Нохчийн Республикин Конституци т1ехь «Нохчийн Республикехь пачхьалкхан меттанаш лору нохчийн а, оьрсийн а меттанаш» аьлла йаздина а ду. Оцо йаккхий таронаш ло вайна вешан мотт 1аморехь, кхид1а кхиорехь.

Дерзош, даггара декъалбан лаьа вайн махкахой т1екхочуш долчу дезчу денца – Нохчийн меттан денца! Дала т1аьхье беркате йойла!

*А. СУЛТАНОВ*

● *Спорт*

# В Шали прошел региональный турнир по киокушин

19 апреля в Шалинском спортивном комплексе «Вайнах» прошёл ежегодный Региональный турнир SHALI OPEN CUP 2 по киокушин, организованный спортивной школой Шалинского района. Здесь собрались 210 спортсменов из разных регионов РФ, а именно: Краснодарского края, Республики Адыгея, Республики Дагестан, Кабардино-Балкарской Республики, г. Пятигорск, Астраханской области, Ставропольского края и Чеченской Республики.

В качестве зрителей на турнире присутствовали: помощники главы администрации Шалинского муниципального района Адам Гебертаев и Мухаммад Ибрагимов, начальник отдела по работе с молодежью и развития физической культуры и спорта Апти Берсанов, также директор спортшколы Умар Пасхаев.

Чеченскую Республику, в качестве хозяев, представляли спортсмены ГБУ дополнительного образования «Спортивная школа Шалинского района» под руководством опытного тренера Темирлана Темиева.





Турнир был проведен очень организованно, как красочное шоу, с концертной программой, танцами и смехом, с ценными призами (велосипеды, наручные часы и другие), грамотами, медалями.

Из 45 учеников Темирлана Темиева 24 спортсмена завоевали 25 призовых мест: 10 первых, 6 вторых, 9 третьих.

**Победителями стали:**

Халид Шамсудов – возрастная категория 6-7лет; вес. катег. **20 кг**;

Абдул-Халим Темиров – возр. катег. 8-9 лет, вес. кат. 25 кг;

Турпал-Али Шамсудов – 8-9 лет, 45кг;

Хайрулла Темиров – 10 лет, 35 кг;

Расул Дилаев – 11 лет, 35 кг;

Абдул-Малик Хакимов – 11 лет, 30 кг;

Мухаммад-Али Шамсудов – 12-13 лет, 60 кг;

Амира Бачаева – 12-13 лет, 55 кг;

Альбина Мамаева – 14-15 лет, 60 кг;

Альбина Мамаева – 16-17 лет, 60 кг.

**Призовое второе место заняли:**

Умар Ахмаров – 10 лет, 50 кг;

Хамзат Ахмаров – 11 лет, 45 кг;

Айшат Аюбова – 6-7 лет, 25 кг;

Амира Мамаева – 10 лет, 29 кг;

Жарадат Саккиева – 10 лет, 42 кг;

Лейла Бачаева – 14-16 лет, 55 кг;

**Призовое третье место заняли:**

Мухьаммад Ахмаров – 8-9 лет, 24 кг;

Абдул-Малик Шамсудов – 8-9 лет, 40 кг;

Тамерлан Ибрагимов – 8-9 лет, 35 кг;

Саламгир Эльдаров – 14-15 лет, 55 кг;

Сейд-Мохьмад Адсаламов – 14-15 лет, 50 кг;

Иван Герасимов – 6-7 лет, 20 кг;

Адам Магомадов – 10 лет, 26 кг;

Джабраил Исаев – 11 лет, 40 кг;

Билал Тутаев – 14-15 лет, 70 кг.

Поздравляем наших юных спортсменов и тренера Темирлана Темирова с очередным успехом!

# Асхаб Магомадов стал чемпионом России среди студентов

С 5 по 12 апреля в образовательном центре «Сириус» в Сочи проходили всероссийские студенческие соревнования по боксу среди студентов, посвященные памяти двукратного серебряного призера, заслуженного тренера СССР, профессора Анатолия Исаковича Киселева. Турнир собрал большое количество участников из различных регионов России, которые продемонстрировали высокий уровень мастерства и упорства. Студент ГГНТУ, уроженец Шали Асхаб Магомадов триумфально завоевал титул чемпиона России по боксу среди студентов в весовой категории до 63 кг. Его уверенное, мощное и безоговорочно доминирующее на ринге выступление стало настоящим зрелищем.

Асхабу Магомадову - 19 лет. Занимается боксом 9 лет под руководством тренеров Вахита Магомадова и Асламбека Амаева в спортивном комплексе «Вайнах»-Шали. Является призером Первенства России 2024 года, чемпионом России среди студентов 2025, 2026 годов, победителем международного турнира памяти Ахмат-Хаджи Кадырова 2024 года.

Золото турнира - закономерный результат железной воли и упорного труда Асхаба. Асхаб Магомадов - имя, которое уже сегодня звучит громко и уверенно, открывая путь к новым вершинам!

Дала т1аьхье беркате йойла хьан, Асхьаб!



# Боксеры спортшколы с. Автуры отличились на чемпионате СКФО

С 13 по 18 в станице Суворовская Ставропольского края проходило первенство (чемпионат) СКФО по боксу среди юношей 13-14 лет и 15 -16 лет, являвшееся отборочным на Всероссийские соревнования, в которых участвовало 263 спортсмена (186 юношей и 77 юниоров).

От Шалинского муниципального района в составе сборной Чеченской Республики выступали 6 воспитанников (13-14 лет) тренера Асхаба Зухайраева из спортивной школы села Автуры. Показав отличную технику и волю к победе, хороших результатов добились:

**Якуб Мусхаджиев** - в весовой категории 44 кг, выиграв все 4 поединка, в том числе у призера первенства России Бокова из Ингушетии, а в финале у своего земляка, стал чемпионом СКФО;

**Раджаб Вачагаев** (46 кг), выиграв три боя, в полуфинале уступил дагестанцу и занял 2-е место;

**Мовсар Эдилсултанов** (75 кг), проиграв в полуфинале спортсмену из Ставропольского края, занял 3-е место;

**Муслим Абубакаров** (75 кг), уступив в полуфинале действующему чемпиону России, также занял 3-е место.

Итак, четверо из шести воспитанников спортивной школы с. Автуры стали призерами чемпионата СКФО и внесли весомый вклад в отбор на Всероссийские соревнования.

Поздравляем автуринцев и тренера Асхаба Зухайраева с очередным успехом!

***Ильяс ЯКУБОВ.***

***Фото Ибрагима БАТАЛОВА.***

● *Зашита населения*

# Гражданская оборона – дело всех и каждого

4 октября исполняется 94 лет со дня образования гражданской обороны России. Система защиты населения, ставшая одним из гарантов безопасности государства, показала свою жизненную необходимость, разумность большинства мероприятий, а потому приобрела всенародный характер.

В России государственная организация защиты населения берет свое начало в 1932 году, когда было утверждено Положение о местной противовоздушной обороне. Эта система с честью оправдала свое предназначение в суровые годы Великой Отечественной войны. Результат этой работы - миллионы спасенных жизней, тысячи сохраненных стратегически важных объектов экономики и памятников культуры.

Сегодня гражданская оборона – это мощная система защиты населения, территорий и экономики, которая постоянно совершенствуется и в современных условиях решает широкий спектр задач, чтобы максимально адекватно реагировать на возникающие риски и угрозы не только военного времени, но и на чрезвычайные, природные и техногенные ситуации в мирное время.

Гражданская оборона прошла большой и сложный путь развития, достойно выдержав испытание временем. Усилиями МЧС России, которое в декабре 2025 г. отметило свое 35-летие, гражданская оборона приобрела современный облик и продолжает развиваться с учетом изменений в государственном устройстве, экономической и социальной сферах страны. За это время специалистами вложено много сил в дело повышения готовности сил и средств к действиям по предназначению. Система гражданской обороны Чеченской Республики позволила подготовить кадры, создать сеть защитных сооружений, накопить материально-технические средства, приобрести опыт организации аварийно-спасательных и других неотложных работ. На сегодняшний день одной из важнейших задач является пропаганда знаний о гражданской обороне, профилактика и предупреждение чрезвычайных ситуаций. Можно с уверенностью сказать, что в системе гражданской обороны Чеченской Республики трудятся только профессионалы, люди, которые обладают высокой профессиональной подготовкой и ежеминутно, ежесуточно находятся на боевом посту, всегда готовые прийти на помощь.

***А. МИРЗАЕВ,***
***инспектор ОНД и ПР по Шалинскому муниципальному району, старший лейтенант внутренней службы.***

# Сообщение о предстоящем предоставлении в аренду земельных участков

В соответствии с ст. 39.18 Земельного кодекса РФ, администрация Шалинского муниципального района сообщает о приеме заявлений для предоставления в аренду земельных участков, сроком на 20 лет и на 49 лет, под индивидуальное жилищное строительство, для сельскохозяйственного назначения, по следующим адресам:

| №№ | Расположение земельного участка (адрес) | Квартал | Площадь | Категория земли | Вид разрешенного использования |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. С.Гайсумова, № 29 | 20:12:0501034 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 2 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Средняя, № 34 | 20:12:2002000 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 3 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Средняя, № 36 | 20:12:2002000 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 4 | ЧР, Шалинский р-н, с. Мескер-Юрт, ул. Кюри Магомадова, № 47 | 20:12:1202000 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |

Прием заявлений осуществляется в течение 30 дней со дня опубликования настоящего сообщения.

Заявления принимаются по адресу: ЧР, Шалинский район, город Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, № 4, в здании администрации Шалинского муниципального района с 21.04.2026г. по 21.05.2026г.

**Заместитель главы администрации района А.М. ИБРАГИМОВ**

«Зама»
Главный редактор
И. Д. Якубов

Газета освещает события, происходящие в Шалинском муниципальном районе

Учредитель/издатель: МУ «Администрация Шалинского муниципального района»
Адрес учредителя/издателя: 366300, г. Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, №4

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике от 06 мая 2013г.
ПИ № ТУ 20-00078

Адрес редакции: 366300 г. Шали, ул. Орджоникидзе, д. №4 («Бизнес-центр»)

Подписано в печать 23.04.2026 г. в 09 ч. 25 м.
По графику – 23.04. в 10.00
Тираж 1000 экз.
Заказ №

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Зама»
Отпечатана в АО Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий».
Адрес издательства/типографии: 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35